



Chè fanmi ak manm kominote,

Nome bon edikatè nan kominote w la pou selebre yo nan okazyon uityèm [Big Apple Awards](#) anyèl la.

Big Apple Awards rekonèt edikatè nan tout vil la ki enspire elèv, ki reprezante bon jan enstriksyon epi ki anrichi kominote lekòl nou an. Ou ka nenpòt pwofesè atan plen nan yon lekòl distri, lekòl charter oswa sant edikasyon pou debitan (early childhood education center, ECEC). Anplis, se pral dezyèm ane College and Career Counselor Big Apple Award, k ap onore konseye ki fè gwo efò nan fè elèv pwogrese pou prepare ak reyisi apre lekòl segondè.

Nenpòt moun ka fè yon nominasyon pou Big Apple Awards, soti nan paran ak elèv pou rive nan pwofesè, estaf ak manm kominote.

Nominasyon pou Big Apple Awards 2020 an ouvri pou rive lendi 2 desanm. Asire w vizite [sitwèb Big Apple Awards](#), epi fè yon nominasyon jodi a!

Avèk senserite,
Ekip The Big Apple Awards
TeacherExcellence@schools.nyc.gov

Suiv Konvèsyon an sou medya sosyal: [#ThankATeacherNYC](#)